

A Matambudziko etsika:

❖ Dzinotsiva mitemo yaMwari. Marko 7:1-13.

- Mwari akanga arayira kuti vaprista vazvichenese nemvura vasati vashanda muSenjuwari (Eki. 30:17-21).
- Mubvunzo wevanyori nevaFarisi waiitirwa kuratidza kuti Jesu aisaremekedza Mitemo (Marko 7:5). Asi mubvunzo iwoyo wakavapindukirira.
- Jesu airemekedza Mirairo. Ndivo vakaityora ndokuitsiva netsika dzavo(Marko 7:6-8).
- Muenzaniso: Kana vakatsaurira chimwe chinhu kuna Mwari [Corbán] – chakaita semba – michero yacho yaisazova yavo ivo vatsaurira kusvika pakufa kwavo, asi vaisagona kuchishandisa kune chimwe chinangwa, sekubatsira vabereki vavo(Marko 7:9-13).

❖ Chinosvibisa nechisingasvibisi. Marko 7:14-19.

- Nyama tṣene” (yemhuka yechibairo) yakava “isina kuchena” apo yakabatwa nomumwe munhu asina kuchena mutsika (Hagai 2:12-13).
- Mutsika yevaFarisi, izvi zvaiwedzerwa kune chero chikafu (chaibvumirwa naRevhitiko 11), uye kumunhu chero upi zvake, angave asina kuchena kana kuti akachena. Mubvunzo wakamutswa wakanga usina chekuita nezvokudya zvaigona kana kusadyiwa, asi nemadyirwo azvaiitwa (nemaoko akacheneswa - akagezwa - kana asina kucheneswa - asina kuchena).
- Jesu akajekesa kuti zvokudya zvakachenya hazvisvibi nokuzvidya pasina kuita zvetsika (Marko 7:18-19).
- Zvisinei, zvinosvibisa munhu ndizvo zviri mukati make. Zvivi zvedu zvinobva pazvishuvo nemifungo yedu(Marko 7:20-23).

B Tsika nevaHedheni:

❖ Mbwanana dzinopfuura vatenzi vadzo. Marko 7:24-30.

- Maererano netsika, muJudha aisagona kubata Mamwe Marudzi (muhedheni, mutorwa), kupinda mumba make, kana kuti kudya naye.
- Mukubata nomukadzi uyu wechiGiriki, Jesu anoita seanotsigira tsika idzi: “Handigoni kuporesa mwanasikana wako nokuti uri muhedeni; ndinoporesa vaJudha chete” (Marko 7:26-27). Murondedzero iyi, vaJudha vana vaMwari, uye vahedheni “imbwa” (imbwa dzinogara pamba).
- Mudzimai uyu akabata zviratidzo zvakasiwa naJesu mumharidzo yake, akabatirira pazviri nokutenda, uye akakunda nharo pamusoro pajesu! (Marko 7:28).
 - (1) “Tanga wasiya”: Aigona kukumbira nzvimbo yechipiri uye kutora mukana wezvimedu zvevakaguta.
 - (2) “Mbwanana”: Imbwu dzinochengetwa (kwete dzinorasika) dzakanga dziri rutivi rwemhuri uye naizvozvo dzaigona kufarikanya zvaiwanikwa mumhuri

❖ Nzeve dzakasiwa dzakavhurika. Marko 7:31-37.

- Pavakasvika kuDhekaporu vakaya nomunhu kuti aporeswe. Achimutora parutivi, akashandisa imwe nzira yokumuporesa(Marko 7:32-34). Nezviito zvake, Jesu akabvumira murume uyu kushandisa kutenda kuti Agone kumuporesa. Somugumisiro, vazhinji vakashamiswa naJesu(Marko 7:35-37).
- Asi nei Jesu akagomera sezvaaidanidzira, “Dziuuka”? Murume aiva matsu akanga akunyatsonzwa, uye mashoko aakatanga kunzwa aiva ajesu. Asi Jesu akafunga nezveavo, pavakanzwa, vakanga vasingadi kunzwa mashoko ake kana kugamuchira shoko rake.
- Jesu anoda kuti tive nenzeve dzedu dzakagadzirira kuteerera mashoko ake, uyewo kuti tinzwé kuchema kwevaya vanoda kunzwa shoko panguva yakakodzera kubva kwatiri.

C Mbiriso yetsika. Marko 8:11-13.

- ❖ Pavakasvika kuDalmanuta, Jesu akasangana ne“vaFarisi matsu,” avo vakamukumbira chiratidzo chechiremera/simba chake(Marko 8:10-11).
- ❖ Akaramba kuvapa chiratidzo chipi nechipi. Hapana chaigona kugutsa avo vaisada kugutsikana. Aora mwoyo, akabva munzvimbo yacho, akatanga rwendo nevadzidzi vake(Marko 8:12-13).
- ❖ Murwendo rwavo, Jesu akataura kwavari nezve“mbiriso yauaFarise ,” kureva dzidziso netsika zvakapinda muchitendero nokuchikanganisa(Marko 8:15).
- ❖ Vakakanganwa kuti Jesu anogona kuita kuti pfuma isingaperi iwanikwe kwatiri(Marko 8:16-21).